



Pou Piblikasyon Imedya: 30/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GWO PA ENPÒTAN NAN DEFI POU KONBAT FLÈ ALG NWIZIB NAN DLO NEW YORK YO

*ESF SUNY ak Inivèsite Clarkson entèveni nan defi Eta a pou deplwaye nouvo
teknoloji pou redwi flè alg yo*

*DEC a ap òganize sesyon enfòmasyon piblik vityèl mèkredi, 12 out sou pwojè
eksperimantal pou konbat flè yo nan lak Neatahwanta*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Fakilte Syans Anviwònmantral ak Forèstri SUNY (SUNY College of Environmental Science and Forestry) an ak Clarkson University pral deplwaye nouvo teknoloji pou konbat flè alg nwizib yo, oswa "HAB" yo, nan Lak Neatahwanta lete sa a. An 2019, Gouvènè Cuomo te pwovoke enstitisyon rechèch prensipal sa yo pou itilize ekspètiz syantifik nan kalite dlo pou devlope teknoloji nouvo ak inovan pou redwi enpak HAB yo. Syans Anviwònmantral ak Forèstri (Environmental Science and Forestry, ESF) SUNY an ak Clarkson University pral demontre efikasite envansyon eksperimantal yo a lete sa a. Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral (Department of Environmental Conservation, DEC) pral òganize yon sesyon enfòmasyon piblik vityèl sou deplwaman pwojè eksperimantal yo mèkredi 12 out la soti 6 rive 8 PM.

"New York se lakay kèk nan pi bon enstitisyon rechèch nasyon an, kidonk mwen pwovoke SUNY ak ESF ak Clarkson University pou devlope teknoloji nouvo, ki se lidè nan nasyon an pou adrese flè alg yo ki anvayi wout dlo nou yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pwoteje dlo presye Eta nou an se yon priyorite prensipal, epi lete sa a Lak Neatahwanta a pral sèvi kòm teren desè pou envasyon ki genyen potansyèl pou yo mete an aplikasyon nan tout Eta a pou redwi menas flè alg nwizib sa yo."

Lake Neatahwanta se yon lak ki mezire 289,35 ekta tou pre vil Fulton, Konte Oswego, ke yo itilize pou rekreyasyon, gen ladan natasyon, ak lapèch. Lak la genyen HAB jeneral chak ane. Done sou kalite dlo lak resan yo, ke DEC a kolekte, endike ke lak la etwofik avèk gwo nivo nitriyan, alg, ak toksin ki asosye avèk HAB yo. Yo te dokimante HAB nan Lak Neatahwanta a depi kòmansman pwogram siveyans HAB DEC a an 2012, epi yo parèt jeneralman an me epi li pèsiste atravè lete a jiska byen tan nan oktòb.

An mas 2019, Eta New York te dezinye Clarkson University ESF SUNY an pou yo dirije ansanm yon nouvo Sant Ekselans (Center of Excellence, CoE) nan Solisyon Dlo San Danje (Healthy Water Solutions) pou delivre solisyon pwoblèm an sinèji sou gwo kantite pwoblèm dlo ki afekte Empire State la. Ekspètiz inovasyon teknik ak enjeniri ki gen klas mondial Clarkson lan nan sistèm dlo sante san danje yo ak ekspètiz nan siveyans ESF ki gen renome a, jesyon ekosistèm basen vèsan, ak devlopman solisyon pozisyon yo nan fason inik CoE a pou kreye ak eksplwate patenarya yo atravè sektè piblik prive yo. Atravè nouvo CoE Clarkson - ESF SUNY an nan Solisyon Dlo San Danje yo, Eta New York ap kreye yon modèl entènasyonal pou pwoteje sante piblik la ak ekosistèm Eta a yo pandan li ap sèvi kòm yon motè pou kwasans ak vitalite ekonomik.

Pwovoke pa Gouvènè Cuomo an 2019, ESF SUNY an ak Clarkson University te devlope yo chak yon nouvo teknoloji rediksyon HAB. Teknoloji yo se kavitasyon idwodinamik avèk peroksid idwojèn ak filtrasyon oksidasyon elektwochimik, respektivman. Pandan ke teknoloji sa yo genyen estati pwototip, DEC a antisipe ke toude enstitisyon yo pral genyen aparèy konplè, deplwayab ki prepare pou evalyasyon tretman HAB yo lete sa a.

Komisè DEC an, Basil Seggos, te di, "Travay depre avèk patenè Eta, federal, akademik, ak lokal yo, epi avèk sipò Inisyativ Gouvènè Cuomo pou HAB yo, DEC a ap konbat yon fason agresif efè sante anviwònman, rekreyatif, ak piblik yo ke HAB yo lakòz. Nou ankouraje piblik la pou rejwenn nou pou sesyon enfòmasyon piblik vityèl sa a pou aprann sou pwojè pilòt eksperymanal ESF SUNY ak Clarkson University yo pou redwi HAB yo epi li pral kontinye travay avèk kominote Lak Neatahwanta a pou amelyore kalite dlo nan lak la".

Christopher Nomura, Vis Prezidan Rechèch nan ESF SUNY, te deklare, "Atravè Sant Ekselans lan, inisyativ rechèch vigoure Clarkson ak ESF yo te fè parèt konesans enpòtan ki apwofondi konpreyansyon nou ak ranfòse efò nou yo pou sipòte resous dlo ki bay lavi yo. Rezilta demach sa a genyen enplikasyon pwofon ki sèvi youn nan pi gwo resous rejyon nou an - wout dlo natirèl yo - resous ki ap vini plis valab chak jou pi plis fas ak chanjman klimatik epi li santral nan travay nou an pou pwoteje sante moun ak anviwònman natirèl la".

Prezidan Clarkson Tony Collins te deklare, "Nou rekonèt sans ijans nasyonal ak nan tout Eta a pou pwoteje resous dlo valab New York yo epi ansanm, nou te devlope nouvo teknoloji pou redwi nouvo menas yo ak ede asire kalite resous dlo nou yo pou plilzyè jenerasyon".

Pou anrejistre pou sesyon enfòmasyon piblik vityèl 12 out la, vizite <https://www.eventbrite.com/e/nysdec-webinar-harmful-algal-bloom-project-on-lake-neatahwanta-tickets-115367176330>.

Nan zafè HAB, DEC ankouraje Nouyòkè yo pou yo "KONNEN L, EVITE L, RAPÒTE L":

- KONNEN L - flè alg nwizib ki rive natirèlman yo varye nan aparans yo soti nan ti pwen vèt ki simaye nan dlo a, pase pa tras an fòm liy long vèt yo, soup pwa oswa penti vèt ki vide, rive nan kolorasyon ble-vèt oswa blan.
- EVITE L - Moun, bèt kay ak betay dwe evite kontak avèk dlo ki dekolore oswa ki gen kim alg sou sifas la.
- RAPÒTE L - Si manm nan piblik la sispèk yon HAB, yo dwe rapòte li pase pa [fòmilè rapò anliy NYHAB la](#) ki disponib sou [sit wèb DEC a](#).

Pou plis enfòmasyon sou HAB yo, gen ladan notifikasyon, ke yo mete ajou chak jou soti nan fen prentan an rive nan otòn lan, vizite pajwèb Flè Alg Nwizib (Harmful Algal Blooms, HABs) DEC a. Yo dwe rapòte sentòm oswa enkyetid sou sante ki gen pou wè avèk HAB bay DOH nan harmfulalgae@health.ny.gov.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)